



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWROUP TRAVAY NAN TOUT ETA POU KONBAT EKSPLWATASYON TRAVAYÈ AK ABI TOUPATOU NAN ETA

10-Ajans te antre nan Gwoup Travay la pou ankete epi mete aksan sou 14 Endistri yo enkli Jounalye, Fèm, Dometik, Restoran ak travayè lave machin yo

Gouvènè a te siyen lwa pou pwoteje epi sipòte travayè salon maniki yo

Gouvènè a te mete sou pye yon liy telefòn pou rapòte Eksplwatasyon Travayè, Salè ak vyolasyon nan plas travay: 1-888-469-7365

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon gwoup travay premye nan kalite sa pou derasinen pwoblèm eksplwatasyon travayè nan plizyè endistri nan Eta New York. Bati sou lansman inisyativ Gouvènè a pou pwoteje travayè yo nan endistri salon maniki a, Gwoup Travay la pral idantifye ak mete fen nan pratik ilegal yo nan plis endistri nan eta. Gwoup Travay la gen ladan 10 Ajans Eta enkli Depatman Deta, Depatman Travay ak Depatman Agrikilti ak Mache, e li pral travay an patenarya avèk komite konsèy la ki chaje pou bay lwa, règleman ak rekòmandasyon administratif. Gouvènè a te fè anons lan pandan li tap siyen lwa nan Bronx pou pwoteje epi sipòte travayè salon maniki yo nan New York.

“Si gen yon eta ki pral pran yon aksyon kont eksplwatasyon travayè, se New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “New York ofri yon pwomès ke men ak kè nou ouvè pou sila yo ki vini isit la pou travay epi bati yon demen miyò pou tèt yo— e nou pa pral tolere eksplwatasyon travayè, pwen final. Se pa yon pwoblèm Demokratik oswa Repibliken— se sa nou kwè, e ansanm nou pral fè li vini yon reyalitye.”

Gwoup Travay plizyè ajans lan se yon adisyon enpòtan nan lit New York kont eksplwatasyon travayè epi bati sou inisyativ Gouvènè a pou pwoteje travayè yo nan endistri salon maniki a. Prezidan Asanble a Carl Heastie te rejwenn Gouvènè a pou siyen lwa kap ede pwoteje travayè nan endistri salon an kont kondisyon travay ki pa ansekirite ak pratik delwayal travay.

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare: “Majorite Asanble a gen yon istwa long nan defann dwa travayè yo nan chak endistri. Nan 2010 mwen te fyè pou m te kondwi lit

pou bay travayè yo nan eta yon vwa avèk adopsyon Lwa sou Prevansyon Vòl Salè. Mwen fyè paske jodia, nap mennen vikwa a nan yon etap anplis epi abilite travayè salon avèk sipò, verifikasyon, ak konesans yo bezwen pou travay chak jou nan yon anviwonman ki ansekirite ak pou yo touche pou travay ke yo fè a. Vrèman vre, eksplwatasyon travayè se yon pwoblèm ki la toupatou nan anpil endistri. Gwoup Travay Gouvènè Cuomo a pral egzamine dwa travayè ak kondisyon yo nan eta e map rete tann rekòmandasyon yo.”

Senatè Michael Venditto te deklare: “Lejislasyon sa touche vrè balans nan pwoteje travayè yo nan endistri salon maniki yo kont eksplwatasyon ansanm avèk konsomatè nou yo. Li mande anrejistreman yon nouvo klas travayè ke yo pral rele stajyè zong spesyalize. Lè nou bay travayè yo bon jan kalite fòmasyon epi pwoteje yo kont kondisyon travay ki pa ansekirite nou ka anretou bay konsomatè nou yo lapè despri.”

Manm asanble Ron Kim te deklare: “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li te kanpe pou bay amelyorasyon imedyat nan endistri salon maniki a ki bay plizyè milye travay pou travayè imigran fi yo. Kòm pwomotè prensipal nan akò twa-pati sa, nou te travay san pran souf pandan plizyè semèn pou yon ekilib jis nan pwoteje travayè yo, ankouraje bon operatè yo, epi elimine move pwopriyetè yo. Gouvènè Cuomo te nan sant pou kondwi lejislasyon toupatou nan eta sa a pou ede fanmi kap travay yo, kominote imigran yo, ak pwopriyetè ti biznis yo. Li te montre yon gwo lidèchip nan jere epi kondwi eta ki pi divèsifye nan peyi a. Map rete tann pou m travay etwatman avè l ansanm avèk ekip li a pou kontinye abilite travayè ekspwatab yo nan lavni.”

Prezidan New York State AFL-CIO Mario Cilento te deklare: “Avèk siyati lwa enpòtan sa a, New York ap dirije wout la pou mete fen nan move tretman travayè nan endistri salon maniki a. Osi enpòtan, nap etabli yon presedan epi pran aksyon pou avanse grasa kreyasyon yon Gwoup Travay pou asire ke tout travayè yo jwenn pwoteksyon kont eksplwatasyon. Nou remèsye Gouvènè a pou lidèchip li ansanm avèk Sena ak Asanble a paske yo te kanpe pou travayè yo nan endistri salon maniki a, e nap rete tann pou n asire ke tout travayè jwenn menm diyite ak respè nan travay la.”

Patenarya pou Prezidan ak PDG NYC Kathryn Wylde te deklare: “Angajman Gouvènè Cuomo pou adrese kondisyon eksplwatasyon travayè yo enpòtan pou anpwilayè New York yo, pifò ladan yo angaje pou bon jan kalite tretman travayè. Gwoup Travay sa ofri yon opòtinite pou kominote biznis la ede Gouvènè a asire ke lwa, règleman ak mekanis ranfòsman yo anplas pou anpeche abi travayè.”

Prezidan 32BJ SEIU Hector Figueroa te deklare: “Nou dwe pwoteje travayè yo nan tout aspè nan ekonomi an, espesyalman sila yo ki kapab vilnerab pou eksplwatasyon. Gouvènè Cuomo ap rann li klè ke pa gen plas pou move pratik pami anpwilayè yo nan eta, e sila yo ki vyole lwa pral sijè a konsekans grav. Avèk nouvo lwa sa yo pou pwoteje travayè yo nan endistri salon maniki a ak yon nouvo gwoup travay pou ankete sou eksplwatasyon nan lòt endistri yo, New York a prale delavan nan defans travayè ki pa gen pwoteksyon yo.”

Konsèy Travay Santral Vil New York, AFL-CIO Prezidan Vincent Alvarez te deklare: “Anons jodia se yon mouvman pou pwoteje dwa ak amelyore lavi yon segman nan mendèv nou an ki te twò souvan eksplwate. Kreyasyon gwoup travay sa a voye yon mesaj klè ke nou pa pral tolere move tretman travayè nan okenn nivo. Sa a se yon egzanp nan chanjman istorik ki te kapab kreye grasa patenarya pwodiktif ant mouvman travay ak gouvènman.”

Prezidan Konsèy Andetay ak PDG Ted Potrikus te deklare: “Yon travayè ki sibi eksplwatasyon se youn pami twòp anpil, e jodia, nap pran mezi enpòtan pou asire ke okenn moun nan Eta New York pa sibi abi nan men anplwayè yo. Apati pwoteksyon travayè salon maniki yo avèk nouvo lwa, pou lanse yon gwoup travay pou ankete sou pwoblèm eksplwatasyon ki genyen nan lòt endistri yo, Gouvènè Cuomo te yon avoka fèm pou travayè yo ke nou bezwen. Aksyon sa yo pral kondwi nou nan yon kondisyon ki pi ansekirite ak pi bon pou anplwaye yo nan gwoup la.”

Konsèy Building and Construction Trades Greater New York Prezidan Gary Labarbera te deklare: “Pandan plizyè jenerasyon sityasyon kritik travayè yo te pase inapèsi – men sa fini. Ansanm avèk Gouvènè Cuomo ak nouvo gwoup travay sa a, nap bay yon vwa pou travayè sa yo ki te sibi eksplwatasyon epi pran etap enpòtan pou règleman endistri yo ki te pandan twò lontan pase anba rada. Kreyasyon gwoup travay sa a bay anpil travay espwa pou yon pi bon demen, san pratik biznis malonèt ak inimen.”

Direktè Egzekitif NYCOSH Charlene Obernauer te deklare: “Lwa sa a pou pwoteje travayè nan endistri salon maniki yo se yon gwo premye etap nan direksyon pou eradike anplwayè kap abize oswa ki pa respekte lwa travay Eta New York, e nouvo gwoup travay Gouvènè a pral kenbe pwogrès sa delavan pou lòt travayè yo egalman. Aksyon sa yo Gouvènè Cuomo te antreprann lan ap avanse pipre pou asire ke travayè yo nan eta –kèlkeswa endistri yo–touche annakò avèk lwa eta epi yo trete yo avèk diyite yo merite.”

Direktè Egzekitif Adhikaar Luna Ranjit te deklare: “jodia se yon gwo jou pou koz dwa, diyite ak kondisyon travay ki ansekirite pou travayè yo nan Eta New York. Apati nouvo lwa pou pwoteje travayè yo nan endistri salon an pou rive a nouvo gwoup travay pou travayè ki sibi eksplwatasyon yo, nap wè siy enpòtan pwogrès bò kote Gouvènè a ansanm avèk ekip li a. Kounye a, anplwaye nan salon maniki yo ka ale travay konnen ke yo gen dwa pou resevwa salè ekitab ak bon kondisyon imen, e nou espere nan yon avni ki pa twò lwen, chak Nouyòkè ka di menm bagay la.”

Fondatè PowHer New York Beverly Cooper Neufeld te deklare: “Lè li te vin evidan ke eksplwatasyon ak move kondisyon te reyalite pou fi yo kap travay nan endistri salon maniki a, Gouvènè Cuomo te aji rapidman epi desizivman pou mete yon fen nan abi sa. Kounye a, avèk anons gwoup travay la, lap aji prevantivman pou pwoteje travayè nan lòt endistri yo epi derasinen pwoblèm nan anvan li fè plis domaj. Lidèchip Gouvènè a te yon fwa ankò mete New York alavangad kòm yon egzanp pou rès peyi a swiv e nou felisite Gouvènè a, lejislati eta, ak tout defansè fèm yo paske yo te pran etap sa pou

pwoteje fi ak travayè yo nan New York.”

Direktè Egzekitif Minkwon Grace Shim te deklare: “Avèk pasaj reyisi lwa sa a, Gouvènè Cuomo te montre ke li angaje pou pwoteje travayè New York yo epi travay avèk anpil pwopriyete ti biznis imigran yo - kidonk anpil ladan yo te vini la pou bati yon lavi miyò pou tèt yo ansanm avèk fanmi yo. Nou felisite Gouvènè Cuomo pou efò l pou amelyore endistri a nan tout eta sa a. Nap rete tann pou n travay etwatman avèk nouvo gwoup travay Gouvènè a pou bati yon pi bon Eta New York pou tout moun.”

Ko-Direktè Egzekitif Make the Road Javier Valdes te deklare: “Yo ta dwe trete chak travayè avèk respè ak diyite— se poutèt sa gwoup travay Gouvènè Cuomo a enpòtan anpil. Lè nou ankete ka abi travayè yo ak eksplwatasyon, eta ka pi byen diminye sou biznis yo kap pran avantaj sou travayè yo. Sa a pral mennen a yon anviwonman travay ki pi bon ak pi ansekirite, jis tankou nouvo lwa ke Gouvènè a te siyen jodia pral fè pou travayè salon maniki yo, e nou fyè pou n kanpe avèk Gouvènè a nan defann travayè New York yo.”

Gwoup Travay pou Konbat Eksplwatasyon Travayè

Gwoup travay la pral kòmanse nan adrese pwoblèm ke yo te dekouvri baze sou plent travayè yo dirèkteman a Eta ansanm avèk referans ki soti nan men òganizasyon defans yo. Travayè yo souvan viktim atravè vòl salè, trafik imen, vanjans, kondisyon travay ki pa pwòp oswa danjere, orè èdtan travay ki pa stab oswa enprevi ak dediksyon ilegal pou founiti, fòmasyon oswa inifòm.

Nenpòt moun ki gen enfòmasyon oswa sispèk abi travayè ta dwe kontakte liy telefòn Gwoup Travay la nan 1-888-469-7365. Yo pap idantifye nom moun ki rele yo.

Efò ranfòsman pral konsantre sou endistri yo ki gen piwo nivo pousantaj anplwayè ki pa konfòme ak kote travayè yo gen mwens chans pou eksprime yo, pa krent pou vanjans. Spesyalman, endistri yo te chwazi ki baze sou izolasyon jeyografik oswa kominote travay la ki nan endistri a, danje okipasyon baze sou pousantaj ka lanmò repete, anketè ki gen eksperyans nan tout eta, evalyasyon gwo pousantaj vyolasyon parapò a yon fèb kantite plent, frekans absans liv anrejistremman travay nan endistri a ansanm avèk statistik ak pousantaj travayè imigran nan chak endistri. Zòn inisyal ki vize yo gen ladan endistri tankou:

- Salon maniki
- Agrikilti
- Gadri
- Netwayaj
- Swen Sante nan Kay
- Lesiv
- Restoran
- Detayan
- Konstriksyon
- Amenajman Peyizaj

- Lave machin
- Episri-Makèt
- Sèvis konsyèj
- Chofè kamyon fatra

Gwoup travay la pral gen ladan reprezantan ki soti nan ajans eta enkli Depatman Travay, Depatman Deta, Depatman Sante, Komisyon Konpansasyon Travayè, Depatman Taks ak Finans, Depatman Agrikilti ak Mache, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi, Biwo Sèvis ki Baze sou lafwa, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl ak Lapolis Eta. Ajans yo pral genyen plis pase 700 anketè, enkli anketè yo ki pale plizyè lang: Bengali, Mandarin, Ris, Panyòl, Hindi, Kreyòl Ayisyen, ak Koreyen. Sèvis aksè lang pral disponib nan tout lang nan tout ajans yo.

Gwoup Travay la pral travay an patenarya avèk yon Komite konsèy ki pral rankontre chak mwa e li gen responsabiltè pou bay rekòmandasyon lejislatif, regilatwa ak administratif pou administrasyon an. Komite a gen responsabiltè pou l bay yon seri rekòmandasyon nan mwa desanm ane sa a pou pwochen sesyon lejislatif la ka konsidere yo. Men manm ki nan Komisyon an:

- Stuart Appelbaum, RWDSU
- Esta Bigler, Cornell University ILR School
- Steve Choi, New York Immigration Coalition
- Anne Erickson, Empire Justice Center
- Héctor Figueroa, 32BJ SEIU
- George Gresham, 1199 SEIU
- Gary La Barbera, Trades
- Donna Lieberman, New York Civil Liberties Union
- Dean Norton, Farm Bureau
- Lewis O. Papenfuss, Sant Jistis Travayè /Worker Justice Center
- Ted Potrikus, Retail Council of New York
- Javier Valdes and Deborah Axe, Make the Road New York
- Peter Ward, HTC
- Danny Wegman, Wegmans
- Kathy Wylde, NYC Partnership

Lwa pou pwoteje Travayè Endistri Salon maniki yo

Jodia, Gouvènè a te siyen anplis lwa enpòtan pou pwoteje epi sipòte travayè salon maniki yo nan New York. Lwa te youn nan pi gwo priyorite Gouvènè a pandan sesyon lejislatif ane sa a epi bati sou efò Gouvènè a oparavan pou enpleman règleman ijans rapid pou pwoteje dwa travayè yo nan endistri a.

Lwa ki siyen jodia bay Depatman Deta otorite pou l fèmen yon biznis ki pa swiv lalwa. Ajans lan ka mete fen nan aktivite ki pa gen asirans oswa lisans epi enpoze yon penalite finansye nan piwo nivo pase sa ki te prevwa anvansa an repons a vyolasyon yo. Anplis, pratisyonè salon maniki yo ki pa gen lisans gen kapasite pou yo enskri avèk

eta kòm stajyè. Sa a pral pèmèt yo kontinye travay pandan yap etidye pou egzamen lisans yo, olye ke yo sèlman konte sou pwogram edikasyon ki koute chè anpil.

Lwa a egalman enplemante nouvo règleman pou salon maniki yo reponn a nouvo egzijans obligasyon ak asirans, amelyore ekipman pwotektiv pèsonèl epi egzije pou afiche nenpòt avi pou sispann ak renonse ke yo te ka bay yon biznis ke yo te jwenn kap fonksyone san yon lisans ak yon nouvo deklarasyon dwa disponib nan 12 lang. Anplis, règleman yo dwe pwopoze nan matyè vantilasyon ak yon egzamen ankou sou pwodui chimik ke yo itilize nan salon maniki yo.

Enkli efò oparavan Gouvènè a gen ladan chanjman administratif pou elaji: disponibilite egzamen lisans grasa tradiksyon nan lang adisyonèl; aksè a klas angle gratis; ak disponibilite materyèl fòmasyon gratis atravè sitwèb Depatman Deta.

Nenpòt moun ki gen kesyon sou salon maniki yo, oswa ki gen enkyetid sou kondisyon travay ansekirite ta dwe vizite www.ny.gov/nailsalonsafety oswa kontakte Liy Dirèk Gwoup Travay la nan (888) 469-7365.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418